

ATIK 2

Nou kouè

166 Lafoua-a sé yon akt pèsònèl: répons lib moun-nan bay inisiativ Bondié
875 k-ap révélé pròp tèt li-a. Min lafoua-a pa yon akt solitè. Pèsonn moun pa kapab kouè pou kont-li, minm jan pèsonn moun pa kapab viv pou kont-li. Pèsonn moun pa kapab bay pròp tèt-li lafoua-a, minm jan pèsonn moun pa kapab bay pròp tèt-li lavi. Moun ki kouè-a résévoua lafoua-a apati lòt-yo épi li doué transmèt li bay lòt-yo. Rinmin nou gin pou Jézu épi moun-yo pousé nou palé osijè lafoua-nou ak lòt-yo. Chak moun ki kouè sé tankou yon mayon nan gran chinn lafoua-a. Nou pa kapab kouè sof si lafoua lòt-yo soutni nou épi ak lafoua-m nan mouin poté konkou bay lafoua lòt-yo.

167 « Mouin kouè » (Sinbòl Apot-yo) : sé lafoua l'Égliz-la chak moun ki
1124 kouè déklaré pèsònèlman, sitou si-l batizé. « Nou kouè » (Sinbòl Nisé-Konstantinòpl-la, nan orijinal grèk-la) : sé lafoua l'Égliz-la, sa Évèk-yo déklaré lè yo réyini nan Konsil oubyin an jénéral sa asanblé moun ki kouè-yo déklaré nan litiji-a. « Mouin kouè » : sé l'Égliz-la tou, Manman-nou k-ap réponn Bondié ak lafoua li-a épi k-ap aprann nou di : « Mouin kouè », « Nou kouè ».

2040

I. « Granmèt, gadé lafoua l'Égliz ou-a »

168 Sé toudabò l'Égliz-la ki kouè épi konsa li kondui, nourri épi soutni lafoua-m nan. L'Égliz-la toupatou déklaré Granmèt-la an premié (« Ou minm, sou tout fas tè-yo sint Égliz-la ap proklamé », sé sa nou chanté nan imn « Te Deum »-nan) épi ansanm avèk li, épi nan li, yo pousé nou épi yo kondui nou, pou nou-minm tou nou déklaré : « Mouin kouè », « Nou kouè ». Sé nan l'Égliz-la nou résévoua lafoua-a épi nouvo lavi nan Kris-la palintèmediè Batèm-nan. Daprè « Rituèl Romin »-an, minis Batèm-nan mandé katékumèn-nan : « Kisa ou mandé Égliz Bondié-a ? ». Épi répons-la : « Lafoua ». – « Lafoua-a, sa-l ba ou ? » - « Lavi tout tan-an » (OICA 75 et 247).

1253

169 Sové nou sové-a sé nan Bondié sèl li soti ; min kòm lavi lafoua-a nou résévoua-l palintèmediè l'Égliz-la, li-minm li sé Manman-nou : « Nou kouè l'Égliz-la tankou Manman nouvo nésans-la, nou pa kouè nan l'Égliz-la tankou sé ta li ki sové nou-an » (Faustus de Riez, Spir. 1, 2 : CSEL 21, 104). Paské li sé Manman-nou, li sé édikatriis lafoua nou-an tou.

750
2030

II. Langaj lafoua-a

170 Nou pa kouè nan fòmul-yo, min nan réalité yo ékspriyé-yo épi lafoua-
a pèmèt nou « touché ». « Akt [lafoua] moun ki kouè-a minm pa fini nan
énoncé-a, min nan réalité [ki énoncé-a] » (S. Thomas d'A., s. th. 2-2, 1, 2,
186 ad 2). Min nou proché bò kot réalité-yo ak sékou fòmul lafoua-yo. Yo
pèmèt ékspriyé lafoua-a épi transmèt li, sélébré-l nan kominoté-a, fè-l
tounin afè pa-nou épi viv li toujou pi plis.

171 L'Égliz-la ki « kolòn ak fondman vérité-a » (1 Tm 3, 15), konsèvé
78, 857, 84 fidèlman lafoua yo transmèt yon sèl foua pou tout bay sin-yo (Jude 3). Sé
li-minm ki kinbé souvni paròl Kris-la épi k-ap transmèt déklarasion lafoua
Apot-yo sot nan yon jénérasyon al nan yon lòt. Tankou yon manman
apran pitit li-yo palé épi konsa konprann ak intèlijans-la épi kominiké ak
185 lòt-yo, l'Égliz-la, Manman-nou, aprann nou langaj lafoua-a pou-l fè nou
antré nan konpréansyon ak nan lavi lafoua-a.

III. Yon sèl lafoua-a

172 Dépi sièk, nan kantité lang, kilti, pèp épi nasion, l'Égliz-la pa sispann
813 déklaré yon sèl lafoua li-a, li résévoua nan min yon sèl Granmèt-la, li
transmèt nan yon sèl Batèm-nan, antan-l anrasinin nan konviksyon tout
moun-yo sé yon sèl Bondié ak Papa sèlman yo ginyin (cf. Ep 4, 4-6). Sint
Iréne de Lion, témouin lafoua sa-a, déklaré :

173 « L'Égliz-la réyéلمان ki simin sou tout fas tè-a jous nan limit tè-a, épi
830 ki té résévoua lafoua sa-a nan Apot-yo ak disp-yo [...]. Kinbé prèch sa-a
[...] épi lafoua sa-a [...] avèk souin kòm si sé nan yon sèl kay li abité, épi
li kouè-l minm jan, kòm si sé tankou yon sèl nanm li ginyin, yon sèl kè,
épi ak yon minm voua l-ap préché-l épi anségné-l, épi transmèt li kòm si sé
yon sèl bouch li ginyin » (hær. 1, 10, 1-2).

174 « Paské minm si lang-yo diféran sou tè-a, poutan fòs Tradision-an sé
78 yon sèl-la épi minm-nan. Épi ni l'Égliz ki fondé an Almagn-yo pa kouè
lòt bagay oubyin transmèt lòt bagay, ni sa ki kay Éspagnòl-yo, ni sa ki kay
Sèlt-yo, ni sa ki Olévan-yo, ni sa ki an Éjip-yo, ni sa ki an Libi-yo, ni sa ki
nan mitan tè-a » (ibid. 1, 10, 1-2). « Prèch l'Égliz-la donk li vré épi li
solid, paské lakay-li sé yon sèl épi minm chémin salu-a yo montré
toupatou sou tè-a » (ibid., 5, 20, 1).

175 Lafoua-a « nou résévoua nan l'Égliz-la, nou kinbé-l, sé lafoua sa-a
Éspri Bondié-a ap fè vîn pi jèn tankou si-l t-a yon dépo ékstraòdinè nan
yon bon véso, antan l-ap fè véso-a minm koté-l yé-a vîn pi jèn » (ibid., 3,
24, 1).

RÉZIMÉ

- 176 *Lafoua-a sé tout moun-nan pèsonèlman ki rété kolé sou Bondié k-ap révéle pròp tèt li-a. Li inpliké pou intèlijans-la ak volonté-a rété kolé sou Révélation-an, sa Bondié fè osijè pròp tèt li-a ak aksion épi paròl.*
- 177 *Sé poutèt sa « Kouè »-a gin yon doub rélasyon : ak moun-nan épi ak vérité-a ; ak vérité-a poutèt konfians nan moun ki témouagné-l la.*
- 178 *Nou pa doué kouè nan anyin dòt pasé nan Bondié, Papa-a, Pitit-la épi Éspri-Sin-an.*
- 179 *Lafoua sé yon kado Bondié li yé ki dépasé kapasité natirèl-la (don surnaturel). Pou moun-nan rivé kouè li bézouin sékou Éspri-Sin-an sou paranndan.*
- 180 *« Kouè » sé yon akt moun-nan kòm moun, ki konsian épi lib, ki korésponn ak dignité moun-nan kòm moun.*
- 181 *« Kouè » sé yon akt éklézial. Lafoua l'Égliz-la vîn anvan lafoua nou-an, li anfanté-l, li soutni-l, li nour-i-l. L'Égliz-la sé Manman tout moun ki kouè-yo. « Moun ki pa gin l'Égliz-la kòm Manman pa kapab gin Bondié kòm Papa » (S. Cyprien, unit. eccl. : PL 4, 503A).*
- 182 *« Nou kouè tout sa ki anndan Paròl Bondié-a yo ékri-a oubyin yo transmèt épi l'Égliz-la prezanté pou nou kouè kòm sa Bondié révéle » (SPF 20).*
- 183 *Lafoua nésésè pou nous ové. Granmèt-la li-minm déklaré : « Moun ki kouè épi k-ap batizé l-ap sové ; min moun ki pa kouè, l-ap kondané » (Mc 16, 16).*
- 184 *« Lafoua-a [...] sé yon avangou konésans sa-a ki pral ba nou kontantman anplin-an nan tan k-ap vini-an » (S. Thomas d'A., comp. 1, 2).*

[◀Atik
anvan-an](#)

[Gid jénéral-la](#)

[Atik▶
après-a](#)